



Nim. 202,4

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinite sispansyon tanporè ak modifikasyon lwa yo ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 la, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la;

LÈ NOU KONSIDERE, yo dokimante ni ka ki gen pou wè avèk vwayaj ni transmisyon COVID-19 pa kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa ap kontinye toujou; epi

KOUNYE A, KIDONK, dapre otorite Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen pou pibliye nenpòt direktiv pandan yon ijans nan sitiyasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen pibliye direktiv annapre yo pou peryòd ki soti nan dat Dekrè Egzekitif la rive 15 avril 2020:

- Nenpòt gouvènman lokal oswa sibdivizyon politik pral, anvigè apati 17 mas 2020, pèmèt pèsònèl ki pa esansyèl jan gouvènman lokal la detèmine, pou yo kapab travay lakay oswa pran konje san chaje yo, eksepte pou pèsònèl sa yo ki esansyèl nan repons lokalite a nan ijans COVID-19 la. Pèsònèl ki pa esansyèl sa yo pa dwe totalize mwens pase senkant pousan (50%) kantite total anplwaye nan tout mendèv gouvènman oswa sibdivizyon politik lokal sa a.
- Yo elaji restriksyon sou prezante nan travay pou nenpòt ki travayè eta ki gen sèvis ki pa esansyèl, oswa ki pa oblije sipòte repons COVID-19 la, nan tout konte yo nan Eta New York.
- Malgre nenpòt direktiv anvan yo, yo mande pou tout lekòl nan eta New York fèmen pa pita pase mèkredi 18 mas 2020, pou yon peryòd de semèn, k'ap fini 1 avril, 2020. Eta a dwe re-evalye nan moman sa a si wi ou non yo ap pwolonje fèmte sa a apre dat sa a epi yo ka kontinye sispansyon egzijans ansèyman 180 jou an. Sispansyon 180 jou yo pral ajiste nan direktiv pou fèmte ke eta pèmèt. Lekòl ki depase peryòd la pa pral egzan de règ 180 jou a. Distri lekòl yo dwe devlope yon plan pou opsyon ansèyman altènatif, distribisyon ak disponiblite manje, ak gadri, ak yon anfas sou sèvi timoun ke paran yo nan pwofesyon swen sante a oswa premye sekouris ki enpòtan nan efò ak repons yo, plan sa a yo dwe soumèt li bay Depatman Edikasyon Eta (State Education Department) a, epi Depatman Edikasyon Eta a kapab amande oswa modifye li, an konsiltasyon avèk Depatman Sante (Department of Health) ak Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an (Office of Children and Family Services) nenpòt ki lè. Distri lekòl yo ki nan Konte Nassau, Konte Suffolk ak Konte Westchester ak Vil New York dwe soumèt plan sa yo pou apwobasyon pa pita pase minwi, 17 mas 2020 bay Eta a.


- Yo dwe ranwaye nenpòt ki eleksyon vilaj ki dwe fèt 17 mas 2020 an api nenpòt ofisyèl eli ki an fonksyon nan pozisyon sa yo dwe rete nan pòs yo jiskaske yon nouvo eleksyon fèt.

FÈT anba siyati mwen ak So Prive Eta a

nan Vil Albany an nan

sèzyèm jou mwa mas nan

ane de mil ven.



A handwritten signature in black ink, appearing to read "John A. ...".

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Mr. C ...".

Sekretè Gouvènè a